

Jwenn Pwoteksyon nan NYC!

avèk asirans sante



APLIKE JODI A MENM

Pwogram asirans sante piblik tankou Medicaid, Essential Plan, ak Child Health Plus disponib pou ou pandan tout ane a.

Asirans sante prive disponib chak ane pandan peryòd enskripsyon an oswa si ou yon evènman admisib.

OU PA BYEN KONNEN SI OU KALIFYE?

Pa gen pwoblèm - ou kapab aplike nenpòt lè pou chèche konnen. Li pi fasil pase anvan pou konnen chwa pwoteksyon asirans ou!

POU JWENN PLIS ENFÒMASYON

Ale sou sitwèb NY State of Health nan nystateofhealth.ny.gov, rele 311 oswa 1-855-355-5777

MAKE KALANDRIYE OU! APLIKE AVAN 15 DESANM POU PWOTEKSYON OU KA KÒMANSE 1YE JANVYE

Kisa chwa asirans sante mwen yo ye?

Si ou pa kapab jwenn pwoteksyon asirans nan yon djòb oswa avèk yon manm fanmi ou, ou kapab jwenn chwa asirans bon mache nan NY State of Health, Mache Plan Sante Ofisyèl. Men kijan:

- Aplikesouentènèt, nantefòn oswa fas-a-fas. Gen èd nan telefòn ak fas-a-fas ki disponib nan anpil lang.
- Ranpliyon fòm aplikasyon pou konnensi ou kapab jwenn èd finansye, epi pou enskrin an nenpòt plan sante ou kalifye pou li nan Mache Asirans lan.
- Moun ak fanmi yo, ansanm ak konjwen menmsèks yo, kapab resevwa yon kredi nan taks si yo kalifye dapre revni yo. Moun maryeyodwefè deklarasyon taks sou revni yo ansanm pou yo kalifye.

Ou kapab achte asirans prive dirèkteman nan yon konpayi asirans, men ou pa resevwa èd finansye si ou fè sa.

Èske kondisyon imigrasyon mwen enpòtan si mwen bezwen asirans sante?

Sa depan. Nenpòt moun kapab ale sou sitwèb **NY State of Health** pou konnen chwa li pou asirans sante. Kèk pwogram limite pou sèten kalite imigran:

- Sitwayen ameriken, moun ki gen grinkat, ak lòt moun ki prezan legalman* kapab gen aksè nan asirans sante piblik ak oswa prive avèk **NY State of Health**
- Tout timoun kalifye pou Child Health Plus kèlkeswa kondisyon imigrasyon yo
- Tout fanm ansent ki pa touche ase revni kapab resevwa Medicaid, kèlkeswa sityasyon imigrasyon yo
- Kèk imigran, tankou imigran ki nan Aksyon Difere pou Timoun ki Rive nan Peyi a (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA), kapab kalifye pou Medicaid men pa pou asirans prive avèk **NY State of Health**
- Imigran ki pa gen papyè imigrasyon epi ki pa touche ase revni kapab re-apwouve pou Medicaid ki bay garanti pou pwoblèm sante pou ijans SÈLMAN

*Rezidan ki prezan legalman gen ladan rezidan pwovizwa, tankou etidyan ki gen yon viza valab.

NYC
Human Resources
Administration
Department of
Social Services
FLY-933 (D)
Rev. 06/17



Si kondisyon imigrasyon ou chanje, ou ka fèk kalifye pou enskri nan nouvo chwa asirans yo oswa pou enskri ladan yo avèk [NY State of Health](#).

Tout sitwayen eta a kapab aplike pou pwoteksyon asirans dirèkteman avèk konpayi asirans prive.

Si ou gen asirans avèk NY State of Health sa p ap anpeche ou resevwa grinkat ou, sa p ap anpeche ou vin sitwayen ameriken, oswa sa p ap anpeche ou sipòte yon manm fanmi ou.

Èske m ap kontinye wè doktè mwen?

Si ou renmen doktè ou yo, mande yo ki plan sante yo aksepte.

Ou kapab ale sou sitwèb yon plan sante tou pou wè ki doktè ak lopital ki nan rezo yo.

Kisa pou mwen fè si mwen te enskri nan asirans sante pandan dènye peryòd enskripsyon an?

Pandan peryòd enskripsyon an, ou kapab chanje plan ou oswa ou kapab fè nenpòt ajisteman ki nesèsè nan pwoteksyon asirans ou.

Èske mwen kapab enskri deyò enskripsyon lib la?

Si ou gen sèten evènman ki chanje lavi ou, ou ka kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal. Si ou kalifye pou yon Peryòd Enskripsyon Espesyal, ou kapab ale sou sitwèb [NY State of Health](#) nan:

- Enskri imedyatman pou nouvo pwoteksyon oswa pou chanje plan sante ou—ou pa gen pou rete tann jouk nan pwochen peryòd enskripsyon
- Nan kèk ka, ou dwe deja gen pwoteksyon sante pou chanje li

Peryòd enskripsyon espesyal yo limite nan tan:

- Si ou gen pwoteksyon asirans ou nan yon djòb, ou ka sèlman gen 30 jou apati moman evènman admisib la pou fè yon chanjman.
- Si ou gen asirans oswa si w ap gen asirans poukont ou, ou dwe aji anvan 60 jou apre evènman admisib la.

Men kèk egzanp evènman admisib:

- Si ou marye, oswa ou antre nan yon patenarya nan kay
- Si ou vin ansent oswa si you gen yon tibebe
- Si ou chanje kondisyon imigrasyon ou
- Si ou chanje djòb
- Si ou vin viv nan New York oswa si ou kite yon konte pou viv nan yon lòt konte
- Si ou pèdi pwoteksyon asirans sante ou

Kisa pou mwen fè si mwen pa gen asirans epi si mwen bezwen ale kay doktè?

Si ou pa gen asirans sante epi ou bezwen swen sante, ou kapab toujou jwenn li nan NYC.

Sistèm lopital piblik Vil la (NYC Health + Hospitals) ak sant sante kominotè yo bay swen medikal sou baz yon frè redui, selon revni ou.

Ale sou sitwèb [nyc.gov/hilink](#) pou jwenn plis enfòmasyon sou resous swen sante pou moun ki pa gen asirans.

Kisa pou mwen fè si mwen bezwen swen sante seksyèl ak swen sante pou repwodiksyon?

Swen sante pou repwodiksyon gratis ak konfidansyèl, tankou depistaj prevantif ak tès STI, disponib pou gason ak fanm ki kalifye nan Family Planning Benefit Program. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale nan sitwèb [nyc.gov/hilink/famplan](#).



Pou jwenn plis enfòmasyon: Ale sou sitwèb NY State of Health nan [nystateofhealth.ny.gov](#), rele 311 oswa 1-855-355-5777.